



Pou Piblikasyon Imedya: 16/06/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KE YO TE KONKLI AKÒ FINAL POU BATIMAN PENN-FARLEY 1.6 MILYA DOLA A APRE PLIZYÈ DEKAD RETA

Empire State Development Siyen Akò Finansye Final ak Related Companies, Vornado Realty LP, ak Skanska AB ki Ap Pèmèt Konstwiksyon Majè yo Kòmanse

Konstwiksyon yo Ap Vanse Devan nan Moynihan Train Hall ak Redevlopman Batiman James A. Farley

Se Lokal Alafwa Espas Atant ak Gichè Tikè yo pou Amtrak ak LIRR

Nouvo Kontrandi yo sou Nouvo Batiman Penn-Farley an Disponib [Isit la](#)

Odyo Anons Gouvènè a Disponib [Isit la](#)

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a ke yo te konkli yon akò final sou redevlopman Batiman Penn-Farley an ki ap pèmèt konstwiksyon majè yo kòmanse apre plizyè dekad reta. Akò finansye final la ant Empire State Development ak Related Companies, Vornado Realty LP, ak Skanska AB garanti transfòmasyon batiman Biwo Lapòs James A. Farley istorik lan pou vin tounen yon santral transpò klas mondyal pou 21^{yèm} syèk lan. Redevlopman Batiman Farley an pou vin tounen Moynihan Train Hall lan pral kreye yon nouvel Sal Rasanbleman pou Tren (Train Hall) ki mezire 255,000 pye kare pou pasaje Long Island Railroad (LIRR) ak Amtrak yo, epi li pral ogmante espas etaj rasanbleman total Penn Station lan de plis pase 50 pousan. Nouvo kontrandi yo sou nouvo Batiman Penn-Farley lan disponib [isit la](#). Batiman Farley an pral loje tou 700,000 pye kare nouvel espas komèsyal, lavant an detay ak dine nan etablisman miltifonksyon an, epi kreye yon espas sivik ikonik pou West Side nan Manhattan. Sa pral abouti a kreyasyon plizyè milye pòs travay pèmanan ak nan konstwiksyon yo, epi menm jan ak Grand Central Terminal lan, batiman an pral vin tounen yon destinasyon dinamik nan pwòp dwa li, epi yon ekipman vital pou vwazinaj la.

“Senkant ane apre pèt estrikti Penn Station orijinal la, pasaje yo pral yon lòt fwa ankò eksperimante yon santral wout ray klas mondyal ki valab pou New York”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Moynihan Train Hall nan Batiman Farley an gen de dekad nan reyalizasyon, epi nou fyè dèske pwojè sa finalman vin yon reyalite. Ak pi bon aksè nan tren ak metwo yo ak enfrastrikti modèn yo, Moynihan Train Hall lan ap an tout

transparans rejwenn istwa, fonksyon ak konsepsyon achitektirèl, ki ap pote estasyon ray nasyon an ki pi chaje an nan 21^{yèm} syèk”.

Pwojè 1.6 milya dola a li finanse gras a 550 milyon dola ki soti nan eta a, 420 milyon dola ki soti nan sibvansyon Amtrak, MTA, Port Authority ak federal yo, ak 630 milyon dola ki soti nan men devlopè antrepriz komin lan yo.

Batiman Farley an te elabore pa McKim, Mead & White kòm yon sè pyès metrès lan -- Penn Station orijinal la. Senk dekad apre pèt estrikti orijinal la, Moynihan Train Hall lan pral yon lòt fwa ankò bay Nouyòkè yo yon bèl antre nan yon mèvyè achitektirèl McKim, Mead & White. Sal rasanbleman pou tren nan Batiman Farley an pral pote non gran defansè li yo — ansyen Senatè Patrick Moynihan.

Moynihan Train Hall nan Batiman Farley an pral genyen yon nouvo likàn espektakilè 92 pye de wotè, ke yo pral konstwi sou sipò an asye ki dramatik sou plan achitektirèl ak istorik nan batiman an. Yon total nèf platfòm ak 17 wout pral aksesib soti depi nan Sal Rasanbleman pou Tren an. Sal Rasanbleman pou Tren an pral bay koneksyon dirèk nan metwo Eighth Avenue Subway, epi kreye aksè dirèk nan estasyon tren soti nan 9th Avenue pou premye fwa, ki ap pote opsyon transpò rejyonal san parèy yo ki nan yon atent konvenab pou zòn Hudson Yards ak Far West Side ki ap fleri yo.

Moynihan Train Hall lan fè pati Batiman Pennsylvania Station-Farley transfòmasyonèl ke Gouvènè Cuomo te anonse a an Septanm 2016 ki pral dramatikman modènize, mete ajou epi reyelabore santral sikilasyon Amerik ki pi chaje an pou vin tounen yon etablisman klas mondyal pou 21^{yèm} syèk lan. Batiman Pennsylvania Station-Farley an genyen tou yon rekonsepsyon global sal rasanbleman 33rd Street LIRR aktyèl lan ki nan Penn Station, ak yon renovasyon ekstansif nan estasyon metwo Seventh Avenue ak Eighth Avenue ki akote yo. Plan an pral enkli prèske triple lajè Koridò 33rd Street lan, ki pami seksyon ki pi chaje yo nan Penn Station epi pwolonje sou tout nivo pi ba estasyon an soti depi nan Seventh Avenue pou rive nan Eighth Avenue. Lòt amelyorasyon yo gen ladan yo ekleraj ak panèl oryantasyon ki modènize, ak ekran dijital yo pou bay enfòmasyon epi kreye yon eksperyans pasajè modèn.

Nouvo Train Hall la pwograme pou fin konplete nan fen ane 2020.

Senatè Charles E. Schumer te di, “Akò sa se yon pa jeyan annavan nan kreyasyon yon gwo nouvel estasyon Moynihan Station pou pasaje Amtrak ak LIRR yo, ak kwasans Hudson Yards ak ansyen espas Far West Side abandone ki ap fleri yo. Mwen fyè dèske mwen te ede bay resous federal enpòtan sa yo ki te kreye wout pou Moynihan Station epi pèmèt Amtrak kontribiye nan santral transpò enpòtan sa, epi mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt envestisman New York ak wòl lidè li nan pouse akò sa devan ak patnè yo Vornado, Related Companies ak Skanska pou ka franchi liy final lan. Vwayajè LIRR ak Amtrak yo pral renmen nouvel gwo sal rasanbleman pou tren an, ogmantason konsiderab nan espas rasanbleman an ak amelyorasyon ki gen pou fèt nan koridè 33rd Street ki ekstrèmman ankonbre a. An plis, achèvmman pwojè sa pral retire gwo presyon sou do batiman Penn Station ki ankonbre an, epi vizitè yo menm jan ak abitan nan kominote yo pral renmen manje ak acha nan destinasyon an ak grandè tout batiman an

okonplè”.

José E. Serrano, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Jodi a, nou ap tounen paj la apre plizyè dekad reta ak pwomès ki pa’t kenbe pou konstwi batiman Penn Farley an. Gras a detèminasyon Gouvènè Cuomo, New York ap vanse devan ak plan anbisye li yo pou fè Biwo Lapòs James A. Farley an vin tounen yon bèl sal rasanbleman pou tren. Nouvèl sal rasanbleman pou tren an pral elaji anpil gwo sal rasanbleman an nan Penn Station, epi sèvi kòm yon santral pou vwayajè yo menm jan ak biznis yo, sa ki ap kreye yon estasyon tren ke Nouyòkè yo ka fyè de li”.

Jerrold Nadler, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Plizyè dekad neglijan te kreye yon bagay òrib nan Penn Station – sa ki pi mal lan, dilapidasyon li te abouti a kondisyon ensipòtab pou sila yo ki ap vwayaje atravè koridò li yo. Kounye a, gras a angajman san relach ak apwòch vizyonè Gouvènè Cuomo pou enfrastrikti New York yo, nou ap vanse devan a tout vitès pou transfòme Penn. Sa se yon nouvèl pou tout Nouyòkè selebre, epi mwen felisite Gouvènè a ansanm ak tout sila yo ki enplike pou gwo pa sa nan bòn direksyon an”.

Carolyn B. Maloney, ki se Manm Kongrè, te deklare, “Mwen kontan dèske yo te finalman rive jwenn yon akò sou Penn-Farley, epi dèske pwojè a ka kounye a vanse devan. Nenpòt moun ki ap vwayaje atravè Penn Station konnen kijan li konn aboutaye epi fistran pou al fè wout ou nan estasyon aktyèl lan. Ak redevlopman sa, kliyan yo pral wè yon amelyorasyon konsiderab nan vwayaj jounalye yo, epi yo tout pral benefisye de yon ogmantasyon nan espas yo”.

Senatè Brad Hoylman te di, “Moynihan Train Hall nan Batiman Farley an gen plizyè dekad nan reyalizasyon, epi mwen kontan anpil dèske kounye a sistèm transpò New York lan pral jwenn transfòmasyon ke li dezesperaman bezwen epi merite an. Li totalman klè ke Nouyòkè yo – menm jan ak vizitè yo – t’ap tann moman sa depi plizyè ane, epi gras a vizyon Gouvènè Cuomo an, l’ap reyalize. Mwen remèsye Gouvènè a ansanm ak tout sila ki enplike yo poutèt yo asire ke akonplisman istorik sa vin tounen reyalite”.

Richard Gottfried, ki se Manm Asanble, te deklare, “Pwojè Penn Station-Farley an te gen pou vini depi lontan. Li pa’t fasil pou nou rive mete dakò divès pati piblik ak prive yo epi elabore konsèp yo. Mwen aplodi Gouvènè Cuomo poutèt li mete pwojè a ‘sou wout’ epi li ap vanse devan”.

Manm Konsil Corey Johnson te di, “Vil New York se pi gwo metwopòl nan mond lan, men santral transpò prensipal li an – Penn Station – te yon anbarasman pou li. Apre plizyè dekad dilapidasyon, nou te atenn yon konsansis majè nan transfòmasyon Penn lan. Sou lidèchip Gouvènè a, nou ap vanse devan nan Penn – men menm pi lwen ke Penn, etap fondamantal sa pral gen yon efè momantane atravè sistèm transpò rejyon nòdès lan”.

Ronnie Hakim, ki se Direktè Egzekitif Pa Enterim MTA, te deklare, “Pasaje nou yo t’ap plenyen depi lontan pou sal rasanbleman pou tren an ki fonsyonèl menm jan li bèl,

epi nouvèl konsepsyon sa ofri toulède. Pasaje LIRR yo pral pwofite de pi bon ekipman ak yon estasyon ki pi fasil pou sikile – de konpozan ki enpòtan anpil pou vwayaj jounalye yo. Mwen felisite Gouvènè a ansanm ak patnè prive nou yo poutèt yo reyalize ke amelyorasyon sa yo pa te ka tann pi lontan, epi poutèt yo transfòme plizyè dekad amelyorasyon ki te pwomès pou vin yon reyalite”.

Prezidan, Direktè Egzekitif Jeneral ak Komisyonè Empire State Development Howard Zensky te deklare, “Jodi a se yon etap fondamantal konsiderab nan efò nou yo pou transfòme Batiman James A. Farley istorik lan an yon santral transpò pou 21yèm syèk lan. Ak konstwiksyon majè yo ki ap vanse devan nan Moynihan Train Hall, nou vin pi pre ke tan anvan pou reyalize yon rèv ki gen dekad nan reyalizasyon. Batiman Penn-Farley an pral estasyon klas mondyal ke Nouyòkè yo merite epi Empire State Development fyè pou li sipòte vizyon Gouvènè an”.

Tony Coscia, ki se Prezidan Komite Direktè yo nan Amtrak, te deklare, “Moynihan Train Hall fè pati efò miiltifasèt nou an pou amelyore Northeast Corridor ki nan Vil New York. Nouvo Train Hall lan, ki te finanse an pati pa yon 105 milyon dola kontribisyon ki soti nan Amtrak, pral bay yon nouvèl sal rasanbleman depa modèn pou pasaje Amtrak yo, ki enkli yon nouvèl espas chajeman ak atant ki gen gichè tikè ak tretman malèt yo, ak yon nouvo ClubAcela. Nou apresye lidèchip Gouvènè Cuomo nan pote achèyman amelyorasyon sa ki te planifye depi lontan, ak sipò pèmanan li pou Pwogram Gateway lan, pliske sa se premye pa annavan nan kreyasyon eksperyans kliyan, kapasite, ak fyabilite ke Gateway pral bay pou sipòte kwasans sèvis ray alontèm yo nan Penn Station”.

Anders Danielsson, ki se Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Skanska USA, te deklare, “Skanska rekonesan pou opòtinite pou kapab apwofondi istwa patenarya nou ak Eta New York pou kapab modènize epi elaji enfrastrikti transpò nou yo. Nou fyè anpil tou pou nou fè patenarya ak Related ak Vornado, ki te pote ansanm ekip devlopman klas mondyal yo ak gwo ekspètiz jesyon konstwiksyon ak sivil nou pou ka leve defi inik sa”.

Jeff Blau, ki se Direktè Egzekitif Jeneral Related Companies nan non antrepriz komin lan, te deklare, “Jodi a reprezante yon gwo etap fondamantal pou reyelaborasyon Biwo Lapòs Farley an kòm Moynihan Train Hall. Nou rekonesan pou lidèchip Gouvènè an ansanm ak patenarya ant Eta New York, Long Island Rail Road ak Amtrak. Moynihan Train Hall lan, ansanm ak redevlopman rès batiman an, pral kontinye ak transfòmasyon dinamik bò lwès lan epi ofri espas biwo klas A ki gen plak atè ki laj, inik, nan yon lokal New York ki istorik ki gen aksè san rival nan ekipman lavant an detay dinamik ak transpò yo”.

An Janvyè 2016, Empire State Development, MTA, LIRR ansanm ak Amtrak te fè soti yon RFP ki ap solisite pwopozisyon pou redevlopman global Batiman Farley ki date de yon syèk lan, ki enkli yon Sal Rasanbleman pou Tren ak espas biwo ak lavant an detay ki alantou yo. Yo te resevwa repons RFP yo an Avril 2016 epi yo te revize pa yon panèl ekspè prive ak piblik ki soti nan domèn imobilye, konstwiksyon, konsepsyon ak finans yo.

An Septanm 2016, Gouvènè a te anonse chwa yon ekip konstwikètè-devlopè ki genyen ladan twa konpayi ki se, Related Companies, Vornado Realty LP, ak Skanska AB, pou redevlope Batiman Farley an. Empire State Development ak antrepriz komin lan te atenn yon kontra finansye sou tranzaksyon jodi a.

Governor Cuomo ap envesti 100 milya nan pwojè enfrastrikti toupatou nan New York pou pwomouvwa devlopman ekonomik, kreye djòb, e bay plis opònite. Envestisman sa yo ap pèmèt New York rekonstwi epi modènize wout, pon, rezo entènèt rapid, batiman piblik, ansanm ak lòt enfrastrikti enpòtan atravè Eta e, an menm tan, bay plizyè milye moun New York travay. Gouvènè Cuomo te lanse pwojè ki te tann twòp oswa ki te dwe fèt depi lontan, tankou pon Tappan Zee Bridge lan, transfòmasyon ayewopò LaGuardia ak JFK, ekspansyon Jacob K. Javits Center an, ak konstwiksyon nouvo Penn Station.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418